

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Karya sastra téh mangrupa karya nu imajinatif, hartina henteu enya-nya kajadian, sanajan kitu dina unggal karya sastra miboga maksud (ma'na), jeung bisa ngandung harti injeuman tina kajadian anu saenyana. Kanyataan dina kahirupan mangrupa sumber gagasan nu jadi tatapakan dina nyipta hiji karya sastra. Kanyataan anu satuluyna diréka tur diwewegan ku momonés basa nu éndah. Lebah dieu karya sastra disebut karya éstétik. Ajén kajujuran jeung bebeneran anu nyampak dina karya sastra mangrupa hasil prosés kréatif pangarang anu tangtuna moal leupas tina pasualan inteléktualitas. Cindekna, karya sastra anu ajénna luhung salawasna miboga maksud atawa ma'na. Di sagigireun unsur rékaan jeung éstétis dina karya sastra téh aya pesen moral anu rék ditepikeun ku pangarang.

Dumasar kana wangunna, karya sastra dibagi jadi tilu, nyaéta puisi, prosa, jeung carita drama. Prosa nyaéta wanda karangan anu rakitanana maké basa sapopoé atawa lancar, sedengkeun dumasar kana waktu gelarna, karya sastra dibagi jadi dua, nyaéta sastra heubeul jeung sastra anyar atawa modern. Karya sastra anu kagolong kana karya sastra modern nyaéta sajak, carita pondok, novél, jeung drama. Novél jeung carita pondok mangrupa karya sastra anu kaasup kana wangun prosa, ku sabab dicaritakeun dina wanda basa lancar.

Dina ngulik karya sastra téh moal aya anggeusna, sabab loba hal anu jadi bahaseunana. Salasahijina contona nyaéta ulikan strukturalisme. Nurutkeun Jean Peaget (dina Isnendes, 2010, kc. 91), struktur ngawengku tilu gagasan utama. Kahiji, gagasan nu gembleng (*wholeness*, keseluruhan), hartina unggal unsur nyaluyukeun jeung pakakas kaédah instrinsik nu nangtukeun unsur bagianana. Kadua, gagasan transformasi (*transformation*), hartina struktur nyumponan prosedur transformasi nu tuluy-tumuluy pikeun bahan-bahan anyar. Katilu, gagasan mandiri (*self regulation*), hartina struktur teu mikabutuh kana hal-hal saluareun pikeun prosedur transformasi.

Carpon asup kana wangun prosa, salah sahiji wangun karya sastra anu jadi pilihan pangarang dina nepikeun gagasan sacara singget jeung weweg. Kamekaran carita pondok dina ieu mangsa, wangun kumpulan carpon dimuat dina majalah jeung surat kabar, sarta ditulis dina média sosial ku pangarangna (Ruhaliah, 2019). Dina carpon ogé euyeub ku ayana ajén-inajén dina eusi caritana, pikeun larapkeuneun kahirupan manusa sapopoé, éta ajén bisa jadi ajén moral, ajén éstétika, jeung ajén atikan. Disebut ajén moral téh mangrupa salah sahiji hal nu rék ditepikeun ku pangarang ka nu maca. Moral nu aya dina karya sastra biasana dipatalikeun jeung ajaran moral anu sipatna kawilang praktis dina kahirupan sapopoé manusa.

Ajén moral perlu pisan dilarapkeun ti leuleutik, di lingkungan kulawarga, sabab miboga fungsi pikeun cecekelan jeung bekel dadasar dina kahirupan manusa sapopoéna. Salian ti kulawarga, di lingkungan anu sipatna formal ogé perlu dilarapkeun boh di sakola boh lingkungan sabudeureunana. Ku kituna, dina kahirupan sapopoé moal bisa leupas dina moral. Ajén moral mangrupa tinimbangan nu dipaké di masarakat dina ngukur hadé goréngna pasipatan hiji jalma. Nilik kana kaayaan kiwari katitén pisan perluna tungtunan moral pikeun ngalelempeng manusa dina kahirupanana.

Ajén moral anu nyangkaruk dina karya sastra kawilang kompléks, sabab aya patalina jeung kahirupan manusa nyaéta éksprési kahirupan manusa anu teu leupas tina akar kahirupan masarakat. Ajén moral nyoko kana hadé goréngna lampah manusa nu ditilik tina segi kahadéan salaku manusa dina ngalarapkeun boh dina kahirupan sosialna boh kulawargana, kitu deui salaku cecekelan kahirupan manusa séjénna (agama, budi pekerti, jeung ahlak). Dumasar kana sababaraha kamandang, patokan ajén moral téh nyaéta ngeunaan kayakinan tina individu boh sacara psikologis boh sosiologis anu ngajadikeun pola jeung sikep pribadi manusa salaku cecekelan kahirupanana.

Sakumaha anu dijéntrékeun di luhur, carpon minangka karangan nu wangunna pondok nu kaasup kana sastra sampeuran jeung tangtu ngandung ajén-inajén, boh pikeun nu maca boh nu sipatna atikan pikeun ngeuyeuban pangaweruh, atawa pikeun ngeuyeuban paripolah hiji jalma. Dina éta kumpulan carpon

kapaluruh ayana ajén moral, boh ajén moral ka pribadina boh ajén moral ka manusa séjénna. Éta hal salah sahiji ajén moral nu kapaluruh tur kacangking dina kumpulan carpon *Wasiat Indung* karya Deni Hadiansah.

Sababaraha karangan Deni Hadiansah kungsi medal dina *Manglé, Galamédia, Pikiran Rakyat, Kujang (Koran Sunda), Galura, Cupumanik, Aksara, ayobandung.com*. Lian ti éta sawatara karangan Deni Hadiansah nu geus dibukukeun boh karya mandiri ogé babarengan (*antologi*), di antarana: *Wasita Basa* (2004), *Wisésa Basa* (2005), *Kembang Kadengda* (2007), jeung *Lir Cahya Nyorot Eunteung* (2009), *Topomini Jawa Barat* (2009).

Anu ditalungtik dina ieu skripsi nyaéta kumpulan carpon *Wasiat Indung* karya Deni Hadiansah, nu eusina méré gambaran kahirupan sosial anu nyata. Saupama dipatalikeun jeung sipat karya sastra anu ngandung unsur kajujuran, rupa-rupa sikep jeung sawangan urang lembur nu basajan dina nyanghareupan kajadian-kajadian aktual (dina jamanna), kagambar dina buku kumpulan carpon *Wasiat Indung* karya Deni Hadiansah. Jujur dina nyaritakeunana tur éndah dina cara nepikeun pesen moralna.

Geus réa ogé anu nalungtik ngeunaan ajén moral dina wangun skripsi jeung karya tulis ilmiah séjénna. Misalna waé saperti ieu di handap.

- 1) Ajén Moral dina Novél *Si Bohim jeung Tukang Sulap* Karangan Samsuodi pikeun Bahan Pangajaran Maca Novél di SMP (Ulikan Struktural jeung Filsafat Moral) (Haryanti, 2020)
- 2) Ulikan Struktur jeung Ajén Moral dina Kumpulan Carpon *Dua Wanoja* Karya Chye Retty Isnendes pikeun Bahan Pangajaran di SMP (Cahaya Nugraha, 2017)
- 3) Ulikan Struktural jeung Ajén Moral dina Kumpulan Carpon *Sanggeus Umur Tunggang Gunung* karya Usép Romli H.M pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP (Pepy Sri Anjarsari, 2015)
- 4) Kumpulan Carpon *Kanyaah Kolot* Karya Karna Yudibrata pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP Kelas VII (Tilikan Struktur jeung Ajén Moral) (Jaenudin, 2011)

Tina sawatara judul di luhur, can aya nu medar ngeunaan kumpulan carpon *Wasiat Indung* karya Deni Hadiansah ngeunaan ajén moral maké ulikan struktural.

Ilham Al Fahmi, 2022

KUMPULAN CARPON WASIAT INDUNG KARYA DENI HADIANSAH (Ulikan Struktural jeung Ajén Moral)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu. | perpustakaan.upi.edu

Ku kituna, panalungtikan anu judulna “Kumpulan Carpon *Wasiat Indung* karya Deni Hadiansah (Ulikan Struktural jeung Ajén Moral)”, perlu dilaksanakeun.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Idéntifikasi masalah dibutuhkeun dina ieu panalungtikan sangkan bisa leuwih gembleg jeung museur. Lantaran bahasan dina ieu kumpulan carpon rék dipedar teleb ngeunaan ajén moral dina ieu eusi buku kumpulan carpon *Wasiat Indung* karya Deni Hadiansah.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar idéntifikasi masalah, rumusan masalah dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) Kumaha struktur (téma, fakta carita, sarana sastra) dina kumpulan carpon *Wasiat Indung* karya Deni Hadiansah?
- 2) Ajén moral naon waé anu kapaluruh dina buku kumpulan carpon *Wasiat Indung* karya Deni Hadiansah?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan tina ieu panalungtikan ngawengku dua tujuan nyaéta 1) tujuan umum jeung 2) tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum, ieu panalungtikan pikeun nalaah ajén moral anu kapaluruh dina kumpulan carpon *Wasiat Indung* karya Deni Hadiansah.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, tujuan ieu panalungtikan pikeun ngadéskripsikeun;

- 1) struktur carita (fakta, sarana sastra, jeung téma) anu aya dina kumpulan carpon *Wasiat Indung* karya Deni Hadiansah
- 2) ajén moral anu nyampak dina kumpulan carpon *Wasiat Indung* karya Deni Hadiansah.

1.4 Manfaat Panalungtikan

Manfaat tina ieu panalungtikan ngawengku dua aspék, nyaéta: 1) manfaat tioritis, jeung 2) manfaat praktis

1.4.1 Manfaat Tioritis

Sacara tioritis ieu panalungtikan téh dipiharep jadi salah sahiji karya ilmiah anu bisa ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan sastra, hususna dina ajén moral sarta bisa dijadikeun pangdeudeul dina maham jeung ngaprésiasi karya sastra Sunda.

1.4.2 Manfaat Praktis

Manfaat dina ieu panalungtikan, dipiharep:

- 1) pikeun kamekaran élmu, bisa jadi sumber référénsi pikeun mahasiswa basa jeung sastra; leuwih ngajembaran deui paélmuan sarta pangaweruh ngeunaan karya sastra;
- 2) pikeun lembaga kasundaan, sangkan leuwih ngeuyeuban hasil panalungtikan sastra Sunda; jeung
- 3) paguron luhur, ngeuyeuban deui panalungtikan dina widang karya sastra, hususna anu ngandung ajén moral anu aya patula-patalina jeung karya sastra.

1.5 Raraga Tulisan

Sacara gurat badag panalungtikan dina nyusun skripsi kabagi jadi lima bab, anu bisa diwincik saperti ieu di handap.

Bab I eusina ngeunaan bubuka, kasang tukang, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II eusina ngeunaan ulikan tiori anu ngawengku carpon, ajén moral, jeung strukturalisme.

Bab III eusina ngeunaan métode panalungtikan, sumber data, désain panalungtikan, instrumén panalungtikan, jeung téhnik ngumpulkeun data.

Bab IV eusina ngeunaan data jeung pedaran hasil panalungtikan, hasil ngolah jeung nganalisis data anu ngawengku ajén moral jeung struktural dina kumpulan carpon *Wasiat Indung*, ajén moral dina kumpulan carpon *Wasiat Indung* karya Déni Hadiansah.

Bab V eusina ngeunaan kacindekan jeung rékoméndasi. Panalungtik nyieun kacindekan hasil analisis sarta rékoméndasi pikeun panalungtikan lianna.